# Sa ou ta dwe konnen sou dwa ou nan travay Etazini



**Ou gen dwa nan travay. Aprann tout lwa ki pwoteje ou ak kijan pou idantifye abi oswa eksplwatasyon nan espas travay ou a.**

## SE KI DWA MWEN GENYEN?

- Ou dwe touche **omwen salè minimòm** nan Eta kote w ap travay la. Nan anpil Eta, salè minimòm nan pi wo pase salè minimòm federal la ki se ($7.25 pa èdtan).
- Si ou ta rive travay plis pase 40 èdtan pa semèn, patwon ou dwe peye ou **lè siplemantè**. Sa vle di yo dwe peye w yon fwa edmi to salè regilye w la pou chak èdtan ou travay plis pase 40 èdtan pa semèn.
- Lwa federal yo egzije tou pou patwon ou asire w ke w ap travay nan yon anviwònman **ki an sekirite epi ki pwòp**.
- **Pwoteksyon pou jèn yo**: Jèn ki poko gen 18 an pa gen dwa fè travay ki konsidere kòm danjere, tankou travay min, itilize machin lou, travay sou do kayi, oswa opere machin. Genyen lwa tou ki limite kantite èdtan jèn yo gendwa travay.

## JWENN YON PÈMI TRAVAY



- Pou jèn refijye ak lòt jèn ki kalifye pou ORR nan Etazini, li enpòtan pou yo konprann ke **ou ka travay sèlman si ou gen otorizasyon legal pou travay**. Si w poko jwenn kat travay ou a, ou pa ka travay legalman jiskaske ou resevwa youn.
- Li pi bon pou **pale ak yon avoka imigrasyon ki kalifye** pou aprann plis sou opsyon ou genyen pou jwenn otorizasyon pou w travay nan Etazini.
- Travay san otorizasyon legal gen **anpil risk ki grav**:
  - Sa ka mete w nan pwoblèm pi devan ak otorite yo nan dosye imigrasyon w.
  - Travay san otorizasyon legal ka mete w nan gwo pwoblèm, fè patwon yo eksplwate ou, maltrete w oswa pran avantaj sou ou.

# MEN DIS SIY AVÈTISMAN SOU EKSPLWATATION AK ABI NAN TRAVAY



1. Si patwon ou pa peye ou salè minimòm nan Eta wap viv la
2. Si ou travay plis pase 40 èdtan pa semèn epi patwon ou pa peye ou lè siplemantè ke ou fè
3. Si patwon ou pa pèmèt ou pran poz pou manje oswa pou ale nan twalèt pandan jounen travay la
4. Si patwon ou pa pèmèt ou pran yon jou konje lè ou malad
5. Si patwon ou menase w ke ou ka pèdi travay ou si ou pran yon jou konje;
6. Si patwon ou an gen dokiman idantite ou yo nan men li (tankou paspò ou, pèmi travay ou, ak kat sekirite sosyal ou) epi li pa vle remèt ou yo;
7. Si patwon ou ap pran lajan nan salè ou pou peye lwaye li oswa lòt depans, oswa pou peye yon dèt;
8. Si patwon ou ap menase pou l rele lapolis oswa imigrasyon pou ou paske ou ap travay san otorizasyon legal;
9. Si patwon w lan ap fè ou menm oswa fanmi w menas pou li fè w mal si w pa travay;
10. Si ou santi ou oblije travay paske ou pè pou patron w pa fè w mal.



**Si ou nan yon sitiyasyon konsa, pale ak yon granmoun ke ou fè konfyans, ak travayè sosyal ou a, oswa yon avoka ki kalifye. Ou ka rele nimewo sa a pou jwenn èd ak enfòmasyon sou resous yo, dwa ak avantaj ou yo, epi mande aksè ak resous ki disponib yo:**

**Liy Asistans Telefonik Nasyonal kont Trafik Moun**

**1-888-373-7888**

refugees.org

The production of this material was supported by Grant #90RB0054 from the Administration for Children and Families (ACF). Its contents are solely the responsibility of the U.S. Committee for Refugees and Immigrants (USCRI) and do not necessarily represent the official views of ACF.

U.S. COMMITTEE FOR REFUGEES AND IMMIGRANTS